

**PSAT/NMSQT**

---

# Bluebook Test Directions

Translated into Haitian Creole for Students

## Notes to the Proctor

### Using this document on test day:

Distribute this document once students are seated.

Students may use this document to read translations of the directions that are read aloud or displayed in Bluebook. Students may keep this document open and on their desk during the entire testing period. Students may **not** be given additional time, unless approved by College Board as a separate accommodation.

Collect this document from each student at the end of testing and securely destroy it.

## Nòt pou Etidyan an

Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon siveyan ou an pral li fò yo, ansanm ak enstriksyon ekri yo ki nan Bluebook lan. Suiv an menm tan pandan siveyan ou an ap li entriskyon an anglè yo fò. Si ou gen kesyon sou sa siveyan ou an ap li an, tanpri leve men ou.

- Enstriksyon ki tradui sa yo gendwa pa koresponn mo pou mo ak sa siveyan ou an li an, toutfwa, enfòmasyon ki apwopriye an rete menm bagay lan.
- Siveyan ou an gendwa sote kèk enstriksyon ki pa aplike ak sitiyasyon tès lan.
- Ou gendwa kenbe dokiman sa a sou biwo ou an pou tout tan tès lan men ou dwe tounen l bay siveyan an apre tès lan.
- Ou PA gendwa itilize dokiman sa a pou papye bwouyon.
- Si ou ap teste ak yon aranjman ki apwouve, siveyan ou an gendwa ba ou enstriksyon anplis an anglè.
- Yo sèvi ak ikòn nan tout dokiman sa a pou atire atansyon ou sou enfòmasyon espesifik:

Enstriksyon ki nan Bluebook

Tout tèks ki sonb yo endike enstriksyon siveyan ou an di.

# Tèks Jou Tès lan

## Byenvini

Byenvini. Jodi an ou ap pran Preliminary SAT/National Merit Scholarship Qualifying Test (SAT Preliminè an/Tès Nasyonal pou Kalifikasyon pou Bousdetid sou Merit lan), yo rele l tou PSAT/NMSQT, ki konsantre sou sa ou ap aprann nan lekòl segondè. Se yon chans tou pou pratike pou SAT an epi kalifye pou pwogram bousdetid.

Tanpri koute enstriksyon sa yo ak swen. Lè mwen fini, mwen ap ba nou kòd demaraj lan. Si ou poko fin anrejistre, pran yon poz pandan mwen ap li. Ou ka fin anrejistre pita.

Si ou ta renmen suiv pandan mwen ap li ensktrisyon sa yo, klike sou **Review the Instructions (Analize Enstriksyon yo)**. Si ou poko sou ekran kòd demaraj lan, klike sou **Help (Èd)** epi apresa **Verbal Instructions (Enstriksyon Vèbal)**.

Ou te dakò suiv règ yo epi kenbe kontni tès lan konfidansyèl. Mwen ap ranvwaye nenpòt moun ki eseye brize règ yo, epi nòt yo ap anile. Yo gendwa anpeche yo tou pou pase tès College Board alavni.

Bluebook ta dwe sèl aplikasyon ki louvri sou aparèy ou an amwenske ou ap itilize teknoloji pou ede ki apwouve. Yo ap detekte lòt aplikasyon ki louvri e yo ta ka lakoz anilasyon nòt ou an. Fèmen tout lòt aplikasyon kounya.

Èske gen moun ki bezwen plis tan pou fèmen lòt aplikasyon?

## Poz yo ak Verifikasiyon Biwo

Bluebook kwonometre tout moun endividyleman e li ap enfòme w kilè li tan pou pran poz ou. Ou ta ka kòmanse poz ouan nan moman ki lejèman diferan ak vwazén ou an donk tanpri fè silans toutan.

Pou pran yon poz nenpòt kilè, ale nan meni **More (Plis)** lan epi klike sou **Unscheduled Break (Poz Non Pwogramme)**. Ou ap pèdi sou tan tès ou an si ou pran yon poz ki pa pwogramme.

Si ou gen yon aranjman ki apwouve pou poz jan sa nesesè, chwazi **Pause (Poz)** anban kwonomèt lan pito pou ou pa pèdi tan nan tès lan.

Mwen ap vini pou m asire nou te debarase biwo nou an jan li endike nan Bluebook lan. Mwen ap ban nou tou nenpòt dokiman ki lye ak aranjman nou yo. E si ou te pote yon kalkilatris, mwen ap asire m li akzeptab.

Si ou gen telefòn, mont entelijan oswa lòt aparèy ki entèdi, etenn yo epi mete yo la kounya.

Ou ta dwe gen 1 fèy papye bwouyon, mwen ap ranmase l apre tès lan donk pa chire l. Ekri non konplè nou nan kwen anwo adwat la. Si ou pa gen youn, fè m konnen lè m vin bò biwo w lan.

## Sipò Tès ki Adapte

Si elèv yo ap pase tès ki gen yon **lektè ekran** lektè ekran oswa lòt teknoloji ki edelòt teknoloji ki ede, siveyan ou an pral li; siveyan ou an pral li:

Si ou ap itilize yon lektè ekran oswa lòt teknoloji ki ede ki apwouve, kounya se moman pou asire w li ap fonksyone. Si ou te pèsonalize paramèt ou yo pandan praktik la, ou gendwa bezwen repete etap sa a kounya. Sonje, ou ka itilize paramèt ki entegre nan aparèy ou an.

Plis enfòmasyon disponib nan paj Èd Bluebook lan.

Si elèv yo ap pase tès ak yon **lektè imen**, siveyan ou an pral li:

Lektè yo dwe li kesyon fò otan souvan yo mande yo sa. Li enpòtan pou yo li sèlman egzakteman sa ki nan tèks lan. Yo pa dwe elabore, menm si elèv lan mande l.

Si elèv yo ap pase tès ak yon **transkriptè**, siveyan ou an pral li:

Transkriptè yo dwe ekri sèlman repons ak koreksyon elèv yo dikte. Yo pa ka ensite elèv lan nan yon fason ki ta ka debouche sou yon repons diferan.

Transkriptè yo pral li repons elèv yo ba yo ankò si elèv yo vle revize travay yo.

Si elèv yo ap pase tès ak **desen ki gen liy monte yo**, siveyan ou an pral li:

Desen ki gen liy monte yo gen menm etikèt epi nonb ak deskripsyon detaye ou ap tande yo.

## Enstriksyon Final yo

Tanpri fè atansyon ak enstriksyon final sa yo.

Pa ale jouk mwen konfime repons nou yo soumèt e mwen ranvwaye nou. Pa fèmen òdinatè pòtab oswa tablèt ou an anvan sa. Mwen afiche yon rapèl la.

Si ou vle anile nòt ou yo, fè m konnen nan pwochen 10 jou yo.

Si ou bezwen èd oswa papye bwouyon anplis nenpòt ki moman, leve men w epi m ap vin kote w. Sonje pou ekri nonkonplè ou sou fèy bwouyon anplis lan.

Èske gen moun ki gen kesyon?

Mwen ap ba nou kòd demaraj lan nan yon moman. Lè ou antre kòd lan epi klike sou **Start Test (Kòmanse Tès lan)**, kwonomèt ou an ap demare epi ou ka kòmanse pase tès lan.

si ou pokò wè ekran kòd demaraj lan, fin anrejistre.

Mwen ap li kòd demaraj lan kounya epi ekri l sou tablo an. Bòn chans!

## Apèsi sou Tès lan



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon Apèsi sou Tès lan ki afiche nan Bluebook.

PSAT/NMSQT nimerik la gen ladan l yon seksyon Lekti ak Redaksyon epi yon seksyon Matematik.

## **Seksyon 1: Lekti ak Redaksyon (54 Kesyon)**

Gen de modil nan seksyon Lekti ak Redaksyon an. Chak modil gen 27 kesyon.

Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresa chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan. Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

## **Seksyon 2: Matematik (44 Kesyon)**

Gen de modil nan seksyon matematik lan. Chak modil gen 22 kesyon.

### **Modil**

Nan chak seksyon, de modil yo kwonometre yon fason separe. Si tan pèmèt li, ou ka analize repons ou yo nan yon modil kèlkonk. Lè kwonomèt lan rive sou zewo, ou ap avanse otomatikman. Yon fwa ou deplase sot nan nenpòt modil, ou pa ka tounen ladan l.

### **Enstriksyon sou Seksyon yo**

Enstriksyon pou reponn kesyon ki parèt yo nan kòmansman chak seksyon. Ou ka jwenn enstriksyon sa yo nan kwen anwo agoch chak ekran kesyon.

## **Reading and Writing Module Directions**



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ki afiche nan Bluebook lan pou toude modil Lekti ak Redaksyon yo.

### **ENSTRIKSYON**

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans nan lekti ak redaksyon ki enpòtan. Chak kesyon gen ladan l youn oswa plis pasaj, sa ki gendwa gen ladan l yon tablo swa yon chema. Li chak pasaj ak kesyon ak atansyon, epi apresa chwazi pi bon repons lan ak kesyon an sou baz pasaj lan.

Tout kesyon yo nan seksyon sa a se chwa miltip ak kat chwa repons. Chak kesyon gen yon grenn pi bon repons.

## **Math Module Directions**



Sa ki suiv lan se yon tradiksyon enstriksyon yo ak fèy referans ki afiche nan Bluebook pou toude modil matematik yo.

### **ENSTRIKSYON**

Kesyon yo nan seksyon sa a abòde yon kantite konpetans ki enpòtan nan matematik.

Itilizasyon yon kalkilatris otorize pou tout kesyon yo. Yon fèy referans, kalkilatris, e enstriksyon sa yo ka abòde nan tout tès lan.

Amwenske yo endike l yon lòt jan:

- Tout varyab ak ekspresyon yo reprezante nonb reyèl.
- Chema yo bay yo desinen sou yon echèl.
- Tout chema yo chita sou yon plan.
- Domèn yon fonksyon kèlkonk  $f$  se seri tout nonb reyèl  $x$  kote  $f(x)$  se yon nonb reyèl.

Pou **kesyon chwa miltip yo**, rezoud chak pwoblèm epi chwazi repons ki kòrèk lan apati chwa yo bay yo. Chak kesyon chwa miltip gen yon sèl repons kòrèk.


Pou **kesyon ak repons elèv yo bay yo**, rezoud chak pwoblèm epi antre repons ou an jan sa dekri anba.

- Si ou jwenn **plis pase yon repons kòrèk**, antre sèlman yon grenn repons.
- Ou ka antre jiska 5 karaktè pou yon repons **pozitif** epi jiska 6 karaktè (ansanm ak siy negatif lan) pou yon repons **negatif**.
- Si repons ou an se yon **fraksyon** ki pa chita nan espas yo bay lan, antre ekivalan desimal lan.
- Si repons ou an se yon **desimal** ki pa chita nan espas yo bay lan, antre l nan twonke oswa awondi l nan katriyèm chif lan.
- Si repons ou an se yon **nonb melanje** (tankou  $3\frac{1}{2}$ ), antre l antanke yon fraksyon ki pa apwopriye ( $\frac{7}{2}$ ) oswa ekivalan desimal li (3.5).
- Pa antre **senbòl** tankou yon siy pouvantaj, vigi, oswa siy dola.

#### EGZANP


Repons	Fason ki akseptab pou antre repons lan	Inakseptab: PA P resevwa kredi
3.5	3.5 3.50 $\frac{7}{2}$	3 1/2
$\frac{2}{3}$	$\frac{2}{3}$ .6666 .6667 0.666 0.667	0.66 .66 0.67
$-\frac{1}{3}$	$-\frac{1}{3}$ -.3333 -0.333	-.33 -0.33

#### Fèy Referans




$$A = \pi r^2$$


$$C = 2\pi r$$




$$A = l w$$




$$A = \frac{1}{2} b h$$




$$c^2 = a^2 + b^2$$




Triyang Rektang Espesyal




$$V = l wh$$




$$V = \pi r^2 h$$



$$V = \frac{4}{3} \pi r^3$$



$$V = \frac{1}{3} \pi r^2 h$$



$$V = \frac{1}{3} l wh$$

Kantite degré ak ki nan yon sèk se 360.  
Kantite reyon ak nan yon sèk se  $2\pi$ .  
Adisyon mezi an degré ang yon triyang se 180.